**UDK:631:53,03**

# XALIQ JASAW ORINLARINDAǴI KÓRKEMLI BAǴLARDI JARATIW USHÍN KÓRKEMLI GÚLLEWSHI PUTALARDÍŃ ÁHMIYETI

**Kaypov Timur Alibaevich**
*"Ósimlikshilik, toǵayshılıq hám landshaft dizaynı" kafedrası assistenti*
*Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutı*
*E-mail: timuralibaevich1983@gmail.com*

**Joldasbaev Ramazan Bezergenovich**
**Qoshqarbaeva Aysuliw Azamat qizi**
*Toǵayshılıq hám qalıq jasaw orınların kóklemzarlastırıw*
*qánigeligi 2 a topar studentleri*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.17538005

***Annotatsiya.*** *Bugungi kunda shaharsozlikda asosiy masalalardan biri ko'kalamzorlashtirish ishlarini ilmiy asosda tashkil etishdir. Aholi yashaydigan joylarni - shaharlar, tumanlar, qishloq va posyolkalarni ko'kalamzorlashtirish - bu joylarni obodonlashtirishning asosiy vositalaridan hisoblanadi. Ko'kalamzorlashtirish ko'lami-aholining yashash madaniyatidan dalolat. Demografik tadqiqotlar ko'rsatishicha, ko'kalamzorlashgan hududlarga aholi kelib joylashadi hamda bu joylardan ko'chib ketishi kam kuzatiladi. Bog'-park kompozitsiyasida ko'proq gullovchi buta o'simliklardan daraxtlar guruhlari orasida, binolar fasad qismida, yo'laklar bo'ylab ekishda foydalaniladi.*
***Kalit sózlar:*** *butalar, ekologik, spektrlari, muddatlari, biologik, alleya, skver.*

***Аннотация.*** *Сегодня одним из основных вопросов в градостроительстве является организация работ по озеленению на научной основе. Озеленение населённых пунктов - городов, районов, сел и поселков - является одним из основных средств благоустройства этих территорий. Масштаб озеленения свидетельствует о культуре жизни населения. Демографические исследования показывают, что население поселяется в озелененных районах, и миграция из этих районов наблюдается реже. В садово-парковой композиции чаще всего используются цветущие кустарники между группами деревьев, на фасадах зданий и вдоль дорожек.*
***Ключевые слова:*** *кустарники, экологический, спектры, термины, биологический, аллея, сквер.*

***Annotation.*** *Today, one of the main issues in urban planning is the scientific organization of landscaping work. Landscaping of populated areas - cities, districts, villages, and settlements - is one of the main means of landscaping these areas. The scale of landscaping reflects the lifestyle of the population. Demographic studies show that people settle in green areas, and migration from these areas is less frequent. In garden and park compositions, flowering shrubs are often used for planting between groups of trees, on building facades, and along walkways.*
***Keywords:*** *shrubs, ecological, spectra, terms, biological, alley, square.*

**Kirisiw.** O.YU.Emelyanovanıń atap ótiwinshe Eń joqarı dárejedegi landshaft kompoziciyaların jaratıw ushin ósimliktiń jası hám máwsimlik rawajlanıwına qarap ózgerip turatuǵın belgili bir kórkemlilik qásiyetlerge iye bolgan ósimlikler

qollanıladı. Ádebiyat maǵluwmatları hám ózimizdiń kóp jıllıq baqlawlarımız (1999-2016) tiykarında kórkemli sıpatlardıń ózgeriw dinamikasın, masshtabtı yesapqa alǵan halda aǵashlı ósimliklerdiń kórkemlilik dárejesin kompleksli bahalaw ushın universal metodika islep shıǵıldı. Bahalaw hár ayda bes balıq sistemada altı kriteriya boyınsha ótkeriledi. Bahalaw nátiyjeleri boyinsha jil dawamında túrdiń (figura, hár túrliligi) kórkemlilik dárejesiniń ózgeriwsheńligi anıq kórinetuǵin grafikler dúziledi. Bunday kesteler jil dawamında yamasa belgili bir dáwirde olardıń kórkemli effektin támiyinlew ushın hár qıylı maqsetler ushın peyzaj toparların dúziwde paydalanıwǵa qolaylı.

G.YU.Morozova, I.D.Debelayalardıń atap ótiwinshe "Qolaylı qala ortalıǵın qáliplestiriw" federal maqsetli baǵdarlaması Rossiya qalalarınıń turaqlı rawajlanıwına qaratılǵan. Xabarovsk úlkesi usı joybardıń qatnasıwshısı. Bul jumıstıń maqseti Xabarovsk qalası mısalında abadanlastırıw arqalı qala qorshaǵan ortalıǵınıń qolaylıǵın arttırıw imkaniyatların úyreniw bolıp tabıladı. Terekler hám putalardıń tiykarǵı hám qosımsha assortimenti, olardıń qalalıq jerler ushın rekreacion júklerge shıdamlılıǵın esapqa alıw usınıs etiledi. Qala qorshaǵan ortalıq sapası indeksin islep shıǵıwda qońsı aymaqlardı abadanlastırıw dárejesin, kóklemzarlastırıw hám landshaft kompozisiyalar jaratiw kerek ekenligin, sonday-aq, nállerdiń jasawshańliq qábiletlerin esapqa alıw usınıs etiledi.

**Materiyallar hám uslublar.** Kóklemzarlastırıwda qollanılatuǵın kórkemli gúlleytuǵin putalar túrlerin kóbeytiw, úlkemiz sharayatlarına beyimlese alatuǵın túr lerin izlep tabıw, ilimiy dárejede tiykarlanǵan texnologiya boyınsha kútim nátiyjesin ámelde qollanıw - búgingi kúnniń áhmietli máselelerinen esaplanadı.

Kóklemzarlastırıw tarawında alıp barılıp atırǵan jumıslardı dúnya júzi úlgileri dárejesinde alıp barıw kerek, bunıń ushın Ózbekistanda kórkemli baǵshılıqtı rawajlandırıw strategiyası islep shıǵılǵan hám landshaft dizayn usılları kóklemzarlastırıw baǵdarında qollanılıp kelinbekte. Landshaft dizaynınıń tiykarǵı komponenti - bul máwsimlik gúllewshi kórkemli putalar esaplanadı. Gúllewshi putalardıń kóklemzarlastırıw baǵdarı hám landshaft dizaynında áhmiyeti júdá girewli hám artıp barmaqta.

**Natiyje.** Xaliq jasaw orinlarin kóklemzarlastırıwda hám kórkemli baǵlardi jaratiwda egilip atırǵan kórkemli gúllewshi putalardıń bioekologiyalıq ózgesheliklerin úyreniw hám joqarı sortlı túrlerin tańlawdan ibarat. Landshaft dizaynı ushın kórkemli gúlleytuǵın putalardı Respublikamızda ósip rawajlanıwın hám nállerin jetistiriwdi jolǵa qoyıw hám olardı kóklemzarlastırıw hám landshaftli dizaynında keńirek paydalanıw. Xaliq jasaw orinlarinda jasil kórkemli baǵlardi, alleyalardi jaratıw, kórkemli gúllewshi putalardı kóbeytiw, qaladaǵı sanitariyalıq-

gigienalıq jaǵdaydı jaqsılaw hám mikroklimattı payda etiw ushın jasıl aymaqlar maydanların keńeytiwde kórkemli jasıl kórkemli gúllewshi putalardıń ornı júdá úlken. Kóklemzarlastırıw ushın, tiykarınan landshaft dizaynında paydalanılatuǵın kórkemli gúlleytuǵin putalar túrleri assortimentin bayıtıw hám tiykarǵı wazıypa esaplanadı. Landshaft dizaynı ushın usınıs etilip atırǵan kórkemli gúlleytuǵin putalar kóriniske iye bolıwı, dawamlı gúllewi menen bir waqıtta qalanıń tútinli-gazli hám shańlı jaǵdayına biologiyalıq shıdamlı bolıwı hámde arxitekturalıq hám sanitariyalıq-gigienalıq talaplarına da juwap beriwi kerek.

Ózbekistanda kórkemli baqshılıqtı rawajlandırıwdıń tiykarǵı jónelislerinen biri kókelemzarlastırıw ushın qala sharayatlarına biologik shıdamlı kórkemli gúlleytuǵin putalar túrleriniń assortimentlerin kóbeytiriw esaplanadı. Jasıllanıwshı hám gúllewshi putalar kókelemzarlastırıwdıń eń tiykarǵı komponentlerinen biri esaplanadı. Ósimlik dúnyasınıń turmıslıq iskerligi hawa-rayina óz tásirin ótkeredi yaǵnıy hawa daǵı $SO_2$ hám basqa zıyanlı gazler hám de tútindi ózlestirip neytrallastıradı, qala hawasındaǵı shań muǵdarın azaytadı, terekler tárepinen ajıratılǵan fitontsidler hawadaǵı kesellik qozǵawtıwshı bakteriyalardi joq etedi. Kórkemli gúlleytuǵin putalar kórkemlilik qásiyetleri hám japıraqlarınıń forması, reńi, gúlleriniń reńleri, gúlleriniń dúzilisi, gúllew spektrleri hám gúllewiniń dawam etiw waqitlari bolıp tabıladı.

Qala sharayatlarında egiletuǵın kórkemli gúlleytuǵin putalar dawamliliq benen hám sulıw gúlleytuǵın, jasıllanıp turıwshı bolıwı maqsetke muwapıq bolıp tabıladı. Ózbekistan sharayatlarında vegetatsiya dawamında uzaq gúlleyshi putalar qatnasıwında kompozitsiya jaratılıwina itibar beriwi kerek, mısalı, forzitsiya, pirokanta, yapon behisi, magoniya, deytsiya, jasmin, bul'danej, qızıl bargli zirk, nastarin, drok, veygela, gibiskus, budleya, hind sireni (lagerstermiya) sıyaqlı putalar uzaq gúllewi (martdan hám noyabrge shekem) menen ajralıp turadı. Bul quramga uzaq gúllewshi gibrid roza sortların kirgiziw múmkin.

**Juwmaq.** Nókis qalası sharyatında kókelemzarlastırıw maqsetinde kórkemli gúlleytuǵin putali naller tiykarınan kórkemliligi hám gúllew spektrleri boyınsha tańlanıp egilse júdá maqsetke muwapıq boladı. Qala sharayatinda insanlardiń mádeniy tárepden dem alıp zawıq alıwı hám avtomobilden shıqqan zıyanlı tútinli gazlerdiń putalı ósimlikler tárepinen irkiliwi júdá áhmiyetli. Kórkemli baǵlardi jaratiwda kórkemli gúlleytuǵin putalardan, bir, eki hám kóp jilliq gúllerden landshaftli kompozisiyalar jaratilsa maqsetge muwapiq boladi. Keyingi jıllarda turizmniń rawajlanıwı sırt el miymanlarınıń bizin elimizdiń tariyxı hám mádeniyatımız benen tanısıw maqsetinde kelmekte bunda qalamız gózzal hám

kórkemlesken bolıwı, ósimlikler kompoziciyaları menen bayıtılǵan bolsa kókelemzarlasqan hám abadanlasqan bolsa júda jaqsı boladı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar dizimi:**

1. Qayimov A.Q., Dj. Turok. Aholi yashash joylarini kukalamzorlashtirish (darslik).– Toshkent, "Fan va texnologia" nashr., 2012. – 124 b.
2. Berdiev E. T. Manzarali daraxt-buta usimliklar (uslubiy qwllanma).–Toshkent, ToshDAU Tahririyat-nashriyot bwlimi, 2021. –111 b.
3. Xonazarov A.A. Ysupov. SH.T va boshqalar. //Ózbekiston xududini kukalamzorlashtirishda foydalaniladigan asosiy manzarali daraxt va butalar.– Toshkent, 2008..– 154 b.
4. Qayimov A.Q., Berdiev E.T. Landshaftli qurilish (Darslik). – Toshkent, "Fan va texnologia" nashriryoti, 2016.–300 b.